# Chisarudzi/Chin'an'anuri (Selector)

Zvidudziramazita zvinoburitsa pfungwa yokusarudza kana kun'an'anura zvinhu kubva pane zvimwe:
Gore rino kune nzara.
Murume uye ave kupenga.
Murume upi vaurikutaura?

**Madzitsi echisarudzi**

a) /-no/
Dzitsi iri rinoburitsa pfungwa yokuva pedyo kana kukomberedza.
Dunhu rino rakabudirira chaizvo.
Svondo rino tirikusangana kwaMutare.

b) /-ye/ kana /-ya/
Dzitsi iri rinobuditsa pfungwa dzechinhu chambotaurwa asi chisiri kuonekwa.
Chinhu chacho chinenge chichizivikanwa nevanhu vari kutaura.
Murume uya/uye anenharo.
N'anga iye/iya yakasungwa.

c) /-pi/ Dzitsi iri rinobuditsa pfungwa youkubvunza
sokuti:
Urikutaura vapi vacho?
Aenda kupi murume wacho?

## Maumbirwo echisarudzi

Chisarudzi chakaumbwa sekudai:
Chivakashure chechisarudzi+ dzitsi rechisarudzi
chi-+ -pi
u- +-pi
va-+ -ye